


# Lèt Tete se Miyè Lèt la Pou Tibebe ki Fèt Anvan lè

Tibebe ki fèt byen anvan lè gen pou yo rete an jeneral nan depatman swen entansif neyonal. Miyè bagay pou w bay tibebe w la manje se lèt tete w. Pou kòmanse tibebe w la gendwa pa gen ase fòs pou l pran tete, men w kapab sèvi ak yon ponp pou tete pou w sa rale lèt tibebe w la bezwen. Tibebe kapab pran lèt tete sou yon tij koton, nan sonn manje ki pase nan twou nen yo oubyen nan bouch yo rive nan lestomak yo, oubyen ou ka pran sa nan bidwon.

## Lèt tete si miyè manje pou tibebe ki fèt anvan lè poutèt lèt tete :

- Pi fasil pou bwè pase lèt fòmila
- Kapab ede sèvo a grandi epi devlope
- Kapab anpeche gen enfeksyon grav
- Lèt tete se ni manje ni medikaman pou tibebe ki fèt anvan lè !



## Kijan pou m ponpon lèt nan tete w si tibebe m la pa gen ase fòs pou l rale l soti nan tete m ?

- Pandan tibebe w la nan lopital la, w ap gen pou w sèvi avèk yon ponp pou w rale soti lèt nan tete w ou yo.
- Se pou w sèvi avèk ponp la wit fwa oubyen plis nan chak peryòd 24 èdtan. Pa bliye ponpe lannwit tou. Plis ou ponpe chak jou se plis lèt w ap gen pou tibebe w lan.
- Lè w vin wè tibebe w la nan lopital la, fè swen “kangourou” oubyen “po sou po” a. Sa se lè w kenbe tibebe w la toutouni, senpleman avèk yon kouchèt, sou pwatrin toutouni ou a. Sa ap ede w pwodwi plis lèt tete epi mete ni oumenm ni tibebe w la alèz.



## Èske lèt mwen pwodwi a kont pou ede pitit mwen an grandi ?

- Lè tibebe fèt byen anvan lè, yo gendwa bezwen ajoutman plis fòtifyan nan lèt tete w. Doktè ak nitrisyonis ki nan lopital la va ede w decide si ak ki lè tibebe w la gendwa bezwen plis fòtifyan.

## Kijan m gendwa jwenn èd pou m pwodwi lèt tete pou tibebe m la ?

- Pwodwi lèt tete pou yon tibebe ki fèt anvan lè se yon travay ki rèd men yon travay ki rapòtan !
- Pale ak enfimyè a oubyen ak konseye sou laktasyon an si w gen difikilte pou w ponpe 8 osinon plis lè chak jou.
- Mande zanmi ak fanmi ede w pare repa oubyen kolasyon, fè menaj, ede okipe lòt timoun, ou senpleman ankouraje w.

